

29 septanm 2020

Chè fanmi,

Nou kontan anpil pou akeyi ou ankò nan bilding lekòl nou an! Pandan nou kòmanse nouvo ane lekòl sa a, sante ak sekirite tout elèv ak anplwaye yo rete pi gwo preyokipasyon nou. Se poutèt sa anpil bagay nan bilding lekòl nou yo ap parèt diferan ane sa a, soti nan mask pou figi pase nan distans fizik nan chak salklas rive nan dezenfekte chak lekòl, chak swa. Nou ap pran tout etap sa yo pou asire lekòl nou yo rete ansekirite, elèv nou yo ak anplwaye yo rete an bon sante, ak pou santi ou ka voye pitit ou nan aprantisaj anpèsòn an tout konfyans.

Jodi a nou ekri pou mande èd ou pou yon lòt eleman enpòtan nan travay sante ak sekirite n ap fè: teste elèv ak anplwaye nou yo pou COVID-19. Kenbe bilding lekòl yo ouvri depann sou si ou ede nou rete okouran epi pou pran mezi imedyat pou rezoud pwoblèm COVID-19 nan bilding nou yo. Se poutèt sa nou fè patenarya avèk NYC Health + Hospital, Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil Nouyòk, ak NYC Test & Trace Corps pou fè aranjman pou teste elèv ak anplwaye NYC DOE pou enfeksyon COVID-19.

Patnè nou yo k ap fè tès yo pral teste yon gwoup anplwaye ak elèv yo chwazi oaza nan lekòl yon fwa pa mwa. Kantite timoun ak anplwaye yo dwe teste chak mwa pral depann sou kantite moun ki nan lekòl la. Anplis tès oaza chak mwa a, n ap travay di pou ofri tès nan lekòl la pita nan ane sa a pou elèv ki montre sentòm COVID-19, oswa ki se yon kontak pwòch konfime yon moun nan lekòl la ki te teste pozitif. Tès la fasil, rapid, epi san danje. Olye "prelèvman long lan" ki ale byen fon nan tou nen an, tès sa a se yon ti prelèvman kout, (tankou yon Q-Tip) yo mete jis devan tou nen an. Pita nan ane lekòl sa a, li posib pou yo fè tès yo avèk sèlman yon ti kantite saliv (krache).

**Pou nou ka bay pitit ou a yon tès COVID-19, nou bezwen konsantman ou. Nou ankouraje w anpil pou siyen fòm konsantman ki vini avèk lèt sa a, epi voye l tounen pi vit posib.**

Teste yo teste chak mwa anplwaye ak elèv yo chwazi oaza a, se yon pati enpòtan anpil nan efò nou pou anpeche transmisyon COVID-19 nan bilding nou yo, paske li ede idantifye ka COVID-19 pozitif san pa gen sentòm. Menm jan avèk lòt mezi sante ak sekirite nou ap mande pou kenbe anplwaye ak elèv yo an sekirite, siksè nan inisyativ fè tès sa a depann sou patenarya ak koperasyon anplwaye ak elèv.

Byenke konsantman pou tès la pa obligatwa, lè nou bay patnè nou yo k ap teste a ase moun chak mwa pou wè ki ekstansyon COVID-19 la pran, enpòtan anpil nan batay san rete n ap fè kont viris sa a ak pou asire nou ka kenbe kominote lekòl yo nan bilding lekòl yo pou aprantisaj anpèsòn. Pou sekirite kominote lekòl nou an, yo ka mande elèv ki pa gen fòm konsantman nan dosye yo pou yo aprann adistans si nou pa resevwa fòm nan men ase elèv nan lekòl la.

Nou vle asire ou si yo chwazi pitit ou a pou fè tès men li pa alèz oswa li pa kapab fè tès la, nou pap teste pitit ou epi nap travay avèk ou pou reponn nenpòt enkyetid ou ka genyen pou li ka patisipe lè yo vin fè tès yo pwòchèn fwa. Nou pran mezi pou mete moun ki pran fòmasyon pou bay tès la, pou eksperyans la tou kout, san doulè pou elèv la.

Si yo teste pitit ou a, n ap fè ou konnen yo te teste li ak ki lè ak kijan ou pral resevwa rezilta yo, ke yo bay jeneralman nan 48-72 èdtan.

Nou konnen gen anpil chans pou gen kesyon, epi nou bay plis enfòmasyon nan dokiman Kesyon yo Poze Souvan an ki avèk lèt sa a. Tanpri pale sou sa avèk pitit ou.

Y ap kòmanse teste nan lekòl yo nan mwa oktòb. Ou ka kontakte lekòl ou a nan nenpòt moman si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid.

Nou apresye kolaborasyon w ak angajman w pwofondeman pou kenbe kominote lekòl ou a an sekirite ak ansante.

Avèk senserite,



Dave A. Chokshi, MD, MSc  
Komisè, Depatman Sante ak Ijyèn Mantal NYC



Ted Long, MD, MHS  
Direktè egzekitif, NYC Test & Trace Corps



Richard A. Carranza  
Chanselye, Depatman Edikasyon Vil Nouyòk

# KISA OU BEZWEN KONNEN KONSÈNAN TÈS COVID-19 LA NAN LEKÒL YO

*Men repons pou kèk kesyon moun poze souvan (FAQ):*

## **KONSANTMAN FANMI**

### **Kisa k ap pase pitit mwen an si m pa bay konsantman m?**

Nou ankouraje fanmi tout elèv k ap patisipe nan aprantisaj anpèsòn pou bay konsantman yo. Plis gen elèv ki patisipe, n ap gen plis kapasite pou kontwòle transmisyon COVID-19 nan kominote lekòl nou yo. Tès y ap fè yo esansyèl pou kenbe pitit ou ak kominote lekòl pitit ou a san danje ak an bòn sante, ak pou asire bilding lekòl la ka rete ouvri epi aprantisaj anpèsòn ka kontinye.

Oumenm ak pitit ou toujou gen dwa pou refize fè tès la. Fanmi ki pa bay konsantman yo ka oblije patisipe nan aprantisaj adistans sèlman.

### **Pou konbyen tan konsantman m lan ap efektif?**

Konsantman w lan ap rete efektif jiska 30 septanm 2021. Sepandan, ou ka anile konsantman an nenpòt lè.

### **Kòman mwen ka anile konsantman an?**

Fè lekòl pitit ou a konnen alekri. Lekòl ou a pral mete yon moun kòm kontak pou resevwa kominikasyon sa yo.

## **PWOSESIS FÈ TÈS LA**

### **Eske yo pral teste tout elèv?**

Tout elèv lekòl distri k ap patisipe nan aprantisaj miks nan klas 1-12yèm ane ka fè pati echantiyon y ap teste oaza a.

### **Kiyès k ap teste pitit mwen an?**

Yon moun ki pran fòmasyon pou sa ap fè tès la. Pami lòt moun k ap bay tès yo genyen enfimiyè lekòl, estaf Vil la, ak patnè nou yo: SOMOS, Bio Reference Laboratory, ak Fulgent Genetics.

### **Kòman tès la ap mache?**

Yon fwa pa mwa, youn nan founisè sa yo pral vizite lekòl pitit ou a ak yon lis elèv ak anplwaye yo chwazi oaza pou teste jou sa a. Founisè tès la pral enstale l nan yon zòn yo chwazi pou sa nan lekòl la. Anplwaye lekòl la oswa ekip k ap bay tès la pral nan salklas apwopriye yo pou al chèche elèv nan klas sa a yo te chwazi pou yo teste jou sa a; yo pral akonpaye elèv sa yo nan zòn y ap bay tès la, teste yo byen vit, epi apre, akonpaye yo tounen nan salklas yo.

### **Ki tip tès y ap itilize? Eske li fè mal?**

Tès la ap itilize yon "prelèvman kout" (menm jan ak yon Q-tip) ke yo pral foure devan tou nen an pou senk a dis segonn. Nou konprann kèk elèv ka pè pou fè tès la, men tès la pa fè mal epi li pa ta dwe enkonfòtab pou pitit ou a. Tès la pa sipoze pran plis pase de minit depi kòmansman jiskalafen.

### **Èske tout moun k ap bay tès yo resevwa fòmasyon, oswa èske kèk elèv ka bay tèt yo tès la?**

Gen kèk nan tès yo yon moun ka bay tèt li poukont li. Pran tès la poukont ou vle di ou ka ouvri twous la epi suiv enstriksyon yo pou mete yon ti prelèvman (tankou yon Q-tip) nan devan toude twou nen w. Nan lekòl ki gen twous sa yo, kèk elèv ki pi gran kapab anmezi pou yo bay tèt yo tès la si yo chwazi sa, anba sipèvizyon yon founisè tès oswa yon manm pèsònèl lekòl la.

## **Èske yo akonpaye elèv nan zòn tè la nan yon gwoup oswa youn pa youn? Èske pral gen plis pase yon elèv ap tann nan yon zòn pou teste?**

Yo pral akonpaye elèv yo ak nenpòt manm nan klas/gwoup y ap teste a tou. Y ap kenbe distans sosyal pandan tout tan. Y ap gen bagay pou kouvri figi yo pandan tout tan, eksepte pou youn ti tan tou kout lè yon elèv dwe retire mask li pou pèmèt yo kolekte echantiyon tè la.

## **Eske paran ka akonpaye pitit yo pou al fè tè la.**

Malerezman, non. Pou kenbe gwoup salklas yo ansanm epi diminye risk pou moun pote COVID-19 nan bilding lan, paran pap kapab akonpaye pitit yo pandan tè la. Nou konprann timoun ka pè, patikilyèman timoun pi piti yo. Anplwaye ki resevwa fòmasyon nou yo ap asire tè la fèt rapid, dousman, ak nan yon anviwònman pozitif pou tout timoun.

## **Konbyen tan yo atann pou pwosesis tè la pran?**

Prelevman koton an ap nan nen an pou senk a dis segonn, donk tout pwosesis la pou eksplike timoun lan tè epi fè prelevman an pran jeneralman sèlman kèk minit.

## **Konbyen tan pitit mwen an ap pase andeyò salklas li?**

Tès la pap dire lontan. Nou pa atann pou okenn timoun rete andeyò klas la pou plis pase 15-30 minit total konte depi lè y al chèche yo nan salklas yo jiskaske yo akonpaye yo tounen nan klas la.

## **Pitit mwen an pa konfòtab pou kominike nan lang anglè. Eske ap gen entèprèt disponib pou eksplike elèv k ap aprann nan plizyè lang pwosesis la? Si wi, kòman yo pral aranje sa?**

Chak patnè k ap bay tè la ap gen règleman ak pwosedi sou kòman pou yo bay moun sèvis nan lang yo pi pito a. Tanpri kominike avèk direktè lekòl ou davans si ou gen kèk enkyetid espesifik.

## **E si pitit mwen an pa ka fè tè la akòz andikap ki sou dokiman?**

Si pitit ou a gen dokiman ki montre li gen yon andikap epi tè ta ka afekte sante mantal oswa fizik li akòz andikap sa a, tanpri kontakte lekòl ou a pou pale sou kisa pou fè.

## **Si mwen fè pitit mwen an fè tè la yon lòt kote, èske mwen ka pataje rezilta sa yo avèk lekòl la epi yo ka dispansè li pou tè ki obligatwa nan lekòl la?**

Non. Pou gen yon konpreyansyon egzak sou chak popilasyon lekòl, tè pou pwogram sa a dwe fèt nan yon sèl jou, nan bilding lekòl la, avèk yon sèl founisè. Si yo teste pitit ou a nan yon lòt kote epi li teste pozitif ou dwe kenbe pitit ou lakay ou epi rapòte tè sa abay direktè lekòl ou a. Sepandan, yo pa ka konte okenn tè deyò nan sondaj chak mwa a.

## **Chak konbyen fwa y ap teste pitit mwen an?**

Y ap fè tè nan chak lekòl yon fwa pa mwa. Yo pa pral teste pitit ou a plis pase yon fwa chak mwa sof si li montre sentòm COVID-19 oswa li gen kontak pwòch avèk yon moun ki konfime teste pozitif pou COVID-19. Yo ka chwazi kèk timoun pou fè tè chak mwa a plis pase yon fwa pandan ane lekòl la.

## **Kilè / kòman mwen pral konnen si yo te chwazi pitit mwen an pou fè tè?**

Lekòl ou a pral fè w konnen de jou avan lekòl la pwograme pou fè tè la. Lè w bay konsantman w, pitit ou a ka fè pati echantiyon yo chwazi oaza a pou jou tè la. Si yo teste pitit ou a, y ap fè w konnen apre lekòl nan jou sa a.

## **Kòman mwen ka ede prepare pitit mwen an pou tè la (espesyalman timoun ki pi piti yo)?**

Ou sipoze pale avèk pitit ou osijè tè la. Nou ankouraje w pou di yo ke doktè, enfimyè, ak lòt pwofesyonèl sante nan lekòl la bezwen asire yo ansante, kidonk yo pral fè yon tè pou viris la lè yo fwote youn ti prelevman koton nan pati devan twou nen yo. Raple pitit ou a li pa gen pwoblèm pou lekòl la fè tè sa a epi tè la rapid, san danje, epi li pa fè mal.

## **Èske y ap teste anlwaye yo?**

Wi, nou mande tout anlwaye ak elèv nan bilding lekòl yo pou patisipe nan pwogram tèl la.

## **REZILTA TÈS YO**

### **Ki lè rezilta yo ap disponib?**

Rezilta yo ap disponib nan 48-72 èdtan apre yo fin pran echantiyon an.

### **Ki lè m ap resevwa rezilta pitit mwen an.**

Nan pifò ka yo, paran / responsab la ap resevwa rezilta yo pa plis pase 48 èdtan apre echantiyon an rive nan laboratwa a. Ou pral kapab ale nan yon pòtal sou entènèt pou jwenn aksè nan rezilta pitit ou a. Si pitit ou teste pozitif, ou pral resevwa tou yon apèl nan men founisè ki te konplete tèl la.

### **Kisa k ap pase si pitit mwen an teste pozitif?**

Ou ta dwe kenbe pitit ou lakay ou, pa voye l lekòl la epi kontakte doktè li. Anplis, Test & Trace Corps ap kontakte fanmi ou pou bay resous, koneksyon pou swen si ou bezwen sipò, epi pale sou fason pou kenbe pitit ou ak lòt manm nan kay la sennesof. Y ap fè lekòl la konnen tou pou asire yo pran mezi pou pwoteje lòt manm nan kominote lekòl la. Test & Trace Corps ap bay fanmi ou resous epi yo pral suiv fanmi ou pou kontwole sentòm pandan 10 a 14 jou.

### **Èske y ap fè kominote lekòl la konnen rezilta jeneral tèl atravè yon lekòl?**

Wi, men yo p ap divilge ni non oswa nenpòt lòt enfòmasyon sou idantifikasyon timoun oswa anlwaye ki teste pozitif yo.

### **Èske DOE / Vil la ap asire enfòmasyon pèsònèl pitit mwen an rete konfidansyèl?**

Tout enfòmasyon ki gen rapò avèk tèl nan lekòl la konfidansyèl epi yo pwoteje avèk Kòd Sante Vil Nouyòk ak lòt lwa lokal, eta, ak federal. Nou pral estoke enfòmasyon an sekirite, epi sèlman DOE ak anlwaye vil la ap gen aksè nan rezilta tèl yo pa non ak lòt enfòmasyon pèsònèl.

### **Ki kote ak ki jan yo pral estoke rezilta tèl yo?**

Yo pral voye rezilta nan de kote: nan Depatman Sante Eta a ak Vil la, kote yo voye tout rezilta maladi kontajye yo; ak nan Test & Trace Corps ak bay anlwaye Vil la ki asosye yo pou fasilite fèmti salklas oswa bilding lekòl, ak pou sipòte retrase kontak yo jan sa nesèsè pou asire nou pwoteje tout elèv, anlwaye, ak manm fanmi yo. Enstitisyon sa yo fonksyone anba pwotokòl vi prive ak konfidansyalite strik.